




KONPRANN ENKLIZYON

AK LWA SOU AMERIKEN KI ANDIKAPE (ADA)

CHILDREN'S FORUM

Se Fowòm Timoun nan Florid yo ki ekri epi pibliye dokiman sa a



KONPRANN ENKLIZYON

AK LWA SOU AMERIKEN KI ANDIKAPE (ADA)

Yon resous pou ba fanmi yo,
moun ki okipe timoun yo ak konseye yo asistans nan planifye epi bay
timoun ki gen bezwen espesyal swen.

Ti liv sa a te ka pibliye gras a kontribisyon bon kè òganizasyon sila yo:

Fowòm Timoun nan Florid
Komite Florid pou Andikap nan Devlopman
Depatman Lasante Florid
Depatman Timoun ak Fanmi Florid



Publikasyon sa a te fèt an kolaborasyon ak Komite Konsèy pou
Enklizyon nan leta Florid.



LIS SA KI GENYEN NAN LIV LA

Entwodiksyon	4
Move Lide Moun plis kwè.....	5
Avantaj Enklizyon nan bay Timoun Swen.....	6
Kesyon Moun kap okipe timoun ki genyen bezwen espesyal poze pi souvan.....	7
Jan pou ou aji an ekip.....	11
Resous pou Timoun ki gen Bezwen Espesyal ak Resous pou Fanmi yo	14
Òganizasyon nasyonal	16
Sig ak Abrevyasyon.....	18
Twoub ak Pwoblèm Medikal	20
Diksyonè Tèm yo Itilize nan Edikasyon Espesyal	23
Referans	26
Resous yo Konsilte	27



ENTWODIKSYON

Kisa Enklizyon an ye?

Divizyon Timoun Piti nan Komite pou Timoun Eksepsyonèl Yo defini enklizyon an konsa:

“Yon prensip ki sipòte dwa tout timoun, san yo pa konsidere tout sa yo ka fè, pou yo ka patisipe nan anbyans natirèl anndan kominote y ap viv yo.

Yon anbyans natirèl se you anbyans kote timoun nan ta pase tan li si li pa t genyen yon andikap. Kote sa yo antwot, se pa sèlman lakay li ak fanmi li, gwoup kote li jwe; swen yo bay timoun, lekòl matènèl, “pwogram Head Start”, jadendanfan, ak sal lekòl nan katye li.”



MOVE LIDE MOUN PLIS KWE

MOVE LIDE:

Sa mande plis tan ak swen konplike pou okipe tout timoun ki genyen bezwen espesyal.

REYALITE:

Nanpwen de timoun ki menm; menmsi yo gen andikap ou non. Kèk timoun ki gen andikap pral gen bezwen espesyal. Gen de lòt ki pral bezwen enpe swen oubyen okenn swen siplemantè. Tankou tout timoun, timoun ki genyen bezwen espesyal yo, gen pèsonalite pa yo, fòs pa yo, enterè ak kapasite pa yo. Yo anpil menm jan ak nenpòt ki lòt gwoup timoun.

MOVE LIDE:

Tout timoun ki gen andikap mantal bay pwoblèm nan konpòtman yo.

REYALITE:

Se pa paske yon moun genyen andikap mantal, sa vle di li genyen pwoblèm konpòtman pou sa. Tankou pou nenpòt ki gwoup timoun, sila yo ki genyen bezwen espesyal yo, ka genyen konpòtman ki bay pwoblèm oswa ki agresif. Men souvan, se lè timoun nan pa jwenn sa li bezwen, li genyen yon konpòtman konsa, petèt akòz li pa ka di sa li vle kòmsadwa. Yon moun k ap okipe timoun nan ki gen pasyans epi ki gen konprann, ka ede nan jan l ap aprann siy timoun nan bay, sa li abitye fè, sa li renmen ak sa li pa renmen.

MOVE LIDE:

Tout andikap vizib.

REYALITE:

Genyen plizyè kalite andikap; genyen yo ka rekonèt fasil, tankou domaj nan kò oswa ansefalopati enfantil.

Gen de lòt andikap moun ka pa wè. Pa egzanp, si moun nan gen pwoblèm pou li wè, pou li tande, pou li genyen emosyon ak lòt pwoblèm nan konpòtman li ak pwoblèm pou li aprann.

Menmsi yo ka wè andikap lan, menmsi yo ka pa wè li, moun pa fèt pou jije timoun dapre yon dyagnostik. **Li enpòtan pou moun k ap bay swen yo, pran tan pou yo aprann konnen chak grenn timoun tankou yon moun apa.**

MOVE LIDE:

Timoun ki gen bezwen espesyal fèt pou rete sèlman ak lòt timoun ki gen bezwen espesyal.

REYALITE:

Tout timoun benefisye lè yo asosye ak tout kalite moun. Tout timoun, menm sa ki genyen bezwen espesyal yo, tire gwo avantaj pou yo aprann, lè yo ansanm ak lòt.



AVANTAJ

ENKLIZYON NAN BAY

TIMOUN SWEN

Sèvis enklizyon ede moun asire timoun ki kòdyòm yo ak sa ki andikape yo, yo tout fè eksperyans viv ak grandi youn ak lòt.

Prensip Enklizyon yo ede kreye yon anbyans kote timoun plis ka aksepte epi konprann diferans ki genyen antre yo. Timoun koumanse reyalize epitou aksepte ke genyen moun ki bezwen sèvi

ak fotèy woulan, gen de lòt ki bezwen ti aparèy pou yo tandè, epi gen de lòt ki sèvi ak men yo ak pye yo divès manyè.

Timoun, fanmi, moun k ap okipe timoun ak kominote a, yo tout benefisye lè yo sipòte enklizyon.

AVANTAJ POU TIMOUN YO:

- * Timoun devlope zanmitay epi yo aprann jan pou yo jwe youn ak lòt
- * Timoun devlope yon pi bon pòtre tèt yo epi yon konpòtman sen sou jan lòt moun se moun espesyal.
- * Timoun yo genyen kèk egzanp moun ki reyisi malgre pwoblèm yo
- * Timoun ki genyen bezwen espesyal gen okazyon pou yo aprann nouvo talan lè y ap obsève epi imite lòt timoun
- * Timoun yo ankouraje pou yo debwouya, pou yo gen lide tou nèf, epi pou yo kooperere

AVANTAJ POU FANMI YO:

- * Yo ankouraje tout fanmi pou yo aprann plis sou jan timoun devlope
- * Tout fanmi kontan gade timoun yo k ap fè zanmi ak yon gwoup tout kalite timoun
- * Tout fanmi genyen okazyon pou yo aprann pitit yo jan chak moun diferan epi jan gen tout kalite moun
- * Tout fanmi gen yon okazyon pou pale ak lòt paran epi reyalize yo tout pa jwenn sa yo vle, yo gen menm pwoblèm, menm bezwen, yo espere epi yo vle menm bagay pou pitit yo
- * Tout fanmi kapab jwenn swen pou pitit yo

AVANTAJ POU PWFESYONÈL KI OKIPE TIMOUN YO:

- * Moun ki okipe timoun vin gen plis eksperyans nan metye yo lè yo devlope nouvo talan epi lè yo laji konesans yo nan devlopman timoun
- * Moun ki okipe timoun genyen okazyon pou yo konnen epi devlope kolaborasyon ak lòt resous nan kominote yo ansanm ak lòt ajans
- * Moun ki okipe timoun aprann kominike ansanm pi byen epi travay annekip
- * Moun ki okipe timoun devlope relasyon solid ak paran yo
- * Moun ki okipe timoun ranfòse konfyans moun va genyen nan kapasite pou yo bay bon jan kalite swen Enklizyon pou tout timoun

AVANTAJ POU KOMINOTE A:

- * Kominote a vin pi toleran epi li vin apiye tout moun pi plis.
- * Yon kominote ki genyen tout kalite moun ladan li vin gen plis lide, plis posiblite ak plis opòtinite.
- * Enklizyon ede granmoun andikape yo pou yo pare tèt yo pi byen pou responsablite ak privilèj nan lavi nan kominote a.



KESYON MOUN KAP OKIPE TIMOUN KI GENYEN BEZWEN ESPESYAL, POZE PI SOUVAN

ESKE AKSEPTE TIMOUN ANDIKAPE VA DERANJE AKTIVITE MWEN FÈ TOULE-JOU?

Non. Ou va toujou kapab sèvi ak bon metòd devlopman ki chita sou jan chak timoun devlope; avantaj pa yo; enterè yo genyen; ak eksperyans jenn timoun fè. Li va plizoumwon fasil pou ou fè timoun andikape rante anndan yon anbyans ki ka fè li devlope byen. Pifò chanjman yo ase fasil. Pa egzanp, ou ka itilize bagay timoun nan ka manyen pou satisfè bezwen timoun ki pa wè byen. Pami sa ou bezwen pou okipe timoun andikape, nou ka site renmen, bon swen, pase tan, kreye nouvo bagay epi planifye byen.

ESKE MWEN PRAL BEZWEN ANTREN-MAN ESPESYAL POU MWEN OKIPE TIMOUN ANDIKAPE?

Sa depann de timoun nan. Bon jan konpetans pou okipe timoun ansanm ak konesans sou jan timoun devlope se baz pou bon jan kalite swen pou tout timoun. Si okipe timoun andikape mande plis konpetans toujou, paran yo ka ba ou antrenman souvan ansanm ak enfòmasyon ou bezwen. Espesyalis pwofesyonèl ki travay ak timoun nan ka pataje avè ou ti enfòmasyon tou, konsèy ak estrateji. Dapre rechèch ki fèt, bay moun fòmasyon espesyalize se yon moso enpòtan nan bon swen Enklizyon pou tout timoun. Èd ak asistans teknik paran ak espesyalis ka ede ou abòde sa yon timoun bezwen apa.

KIJAN POU MWEN REPONN KESYON LÒT TIMOUN AP POZE SOU YON TIMOUN ANDIKAPE?

Timoun renmen konnen natirèlman. Yo poze kesyon sou diferans ki genyen ant moun. Lè timoun poze kesyon, ba yo repons san manti, san detou. Toujou site non timoun nan lè w ap reponn. Pa egzanp, "Chris jwenn manje nan tib sa a, menm jan ou sèvi ak yon kiyè." Paran timoun ki gen bezwen espesyal vin maton anpil nan reponn kesyon timoun ak granmoun. Mande yo ti poul sou jan pou ou reponn nenpòt ki kesyon ou pa fin konnen. E si lòt paran timoun ap mande si okipe timoun ki gen bezwen espesyal pa pral wete sou tan ou okipe pwòp pitit pa yo?

E SI LÒT PARAN TIMOUN AP MANDE SI OKIPE TIMOUN KI GEN BEZWEN ESPESYAL PA PRAL WETE SOU TAN OU OKIPE PWÒP PITIT PA YO?

Sa pa ra pou paran pè pou timoun ki gen bezwen espesyal va pran sou tan ak atansyon pitit pa yo jwenn. Pale kare bare ak paran yo sou sa k ap trakase yo. Ankouraje yo pou yo pataje nenpòt ki traka yo genyen lè sa a oswa yon lòt lè. Lè w ap fè bagay sa yo, sonje pou ou respekte koze prive tout fanmi ki nan pwogram lan. Pa pataje okenn enfòmasyon pèsònèl san ou pa gen pèmisyon nan men paran timoun nan.

TIPOUL: Pataje Seksyon "Avantaj" ti gid sa a ak paran yo. Montre yo avantaj ki genyen nan okipe TOUT timoun. Envite paran yo pou yo angaje yo nan pwogram ou an epi pou yo patisipe nan aktivite Enklizyon.

MWEN GENYEN YON TI BIZNIS. KIJAN MWEN KA FÈ TOUT CHANJMAN KI NESESÈ YO MENM?

Lwa a fèt yon jan ki konsidere sa yon ti biznismann bezwen. Chanjman yo pa dwe egzajere; yo dwe fasil pou fèt. Pa egzanp, nan pifò sityasyon, li plizoumwon bon mache pou monte yon ranp, fè yon pòt deyò vin pi laj, epi pare yon twalèt pou gason ak fi (ak bon siy pou moun wè, 2 ba fè pou moun kenbe, yon watè ki wo, manch pòt ki louvri, epi yon pòt byen gran). Ou ka vle konsidere tou enstale tapi anndan kou deyò pou plis prekosyon pou timoun yo.

Gwo Chanjman ki koute chè pa vrèman nesèsè si genyen lòt solisyon pi bon mache tankou mete po dlo ak gode an katon nan plas fontèn dlo ki pou bese oswa leve pi wo, chanje gon nan yon pòt pou fotèy woulan rante pi fasil, pase pou kraze yon mi nèt.

Orezime, yo mande moun k ap okipe timoun nan toulede sant yo ak nan kay, pou yo mete pwogram, sèvis ak kote ki disponib pou timoun andikape. Men yo pa mande yo pou yo mete plis pwogram oswa sèvis yo pa bay tout lòt timoun. Pa egzanp, si anvan yo aksepte timoun ki gen ant 3 a senkan, fòk yo aprann al nan twalèt pou kont yo, alòs se pou yo aplike menm prensip lan pou timoun andikape yo tou. Lwa ADA a bay menm sèvis, li PA bay lòt dwa.

KISA LWA SOU AMERIKEN KI ANDIKAPE A (ADA) MANDE MOUN KI OKIPE TIMOUN?

1. Retire baryè oswa bay lòt sèvis ki ka fè kote yo pare, ki ka fè kay, sèvis, pwogram, transpò ak kominikasyon, disponib pou tout timoun. Pa egzanp, sèvi ak machin pou kondi timoun kokobe olye yo pran bis ki souve desann pou yo, oswa pran Sistèm Relè Florid lan olye yo achte yon ti aparèy (TDD) pou moun soud oubyen ki gen tande di ak tout fanmi yo. Tout bagay sa yo ka bon jan lòt solisyon.
2. Konsidere andikap yon timoun genyen tankou yon senp mak pou yo rekonèt timoun nan. Pa refize aksepte yon timoun poutèt li andikape.
3. Reyalize si oumenm, antank yon moun ki bay swen nan yon sant oswa lakay ou, ap resevwa yon sibvansyon leta pou kèk timoun, epitou si ou gen kèk timoun paran ap peye pou yo, ou dwe obsève sa Tit II sou sèvis piblik la mande ansanm ak sa Tit III sou kay piblik la, mande. Dènye tit la site ekspre swen pou timoun.
4. Elimine nenpòt ki pawòl nan pwogram la ki ka lakòz timoun elimine nan pwogram ou an. Pa egzanp, si yo ta mande pou timoun manje pou kò yo, alòs kèk timoun ki gen mis yo ki ap kontrakte toutan, pa ta janm ka anrejistre.
5. Pase men nan fòm anrejistreman ou itilize pou tout timoun yon jan pou li vin genyen kondisyon pou moun mande paran yo si genyen yon bagay anplwaye ou yo dwe konnen pou yo okipe timoun yo a pi byen, tankou pa egzanp antwot bagay: alèji, abitud dòmi, aparèy pou tande, sisèt, linèt, kriz malkadi, ak lòt koze sou andikap ak sou gad timoun.
6. Pèmèt timoun andikape antre nan kay, pwogram, sèvis, kominikasyon ak transpò ki genyen nan sant ou an oswa lakay ou. Epitou, toudepan de lajè kote a ak kote lajan ap soti, yo ka mande ou pou ou respekte lwa sou moun kap chèche travay nan Tit I. Apati 26 Jiyè lane 1995, nenpòt ki sant ki gen 15 anplwaye oswa pi plis, dwe obsève règleman Tit I sila. Si ou gen kèk dout, konsilte yon avoka.

Nan ka sa a, lè ou depanse yon ti lajan nan renovasyon, ou ka rantre benefis lajan nan men IRS. Konsilte yon konsèyè sou zafè taks!

ESKE FANMI KI OKIPE TIMOUN LAKAY YO RESKONSAB TOU POU YO APLIKE LWA ADA A?

An jeneral, yo aplike menm prensip yo. Fòk timoun andikape yo ka rive, rantre epi itilize yon kote yo pare pou yo. Moun ki okipe timoun anndan fanmi yo dwe patisipe nan atelye travay nan zòn yo pou yo aprann sa ADA a ye. Responsablite yon moun konsa se pou li vin konnen byen sa moun andikape yo bezwen. Se sèl kote nan kay kote yo okipe timoun andikape nan fanmi an, ki dwe genyen rantre soti espesyal.

ESKE MWEN KA REFIZE AKSEPTE YON TIMOUN ANDIKAPE SI MWEN GENYEN YON RÈGLEMAN SOU SA?

Non! Lontan, plizyè kote ki okipe timoun te konn elimine timoun akòz règleman yo. Règleman sa yo pa valab ankò epi yo p ap anpeche ou ranpli kondisyon ADA

yo. Depi timoun andikape ka rantre nan yon pwogram, depi yo ka satisfè sa li bezwen san egzajerasyon, moun ki bay li swen, kèlkelanswa valè li, va gen obligasyon pou yo aksepte timoun nan dapre lwa ADA a.

ESKE MWEN DWE BAY TIMOUN ANDIKAPE YO JWÈT AK EKIPMAN ESPESYAL?

Se sèlman si enklizyon timoun andikape a nan aktivite a, nan pwogram la, oswa nan sèvis la, depann si jwèt sila a disponib. Pa egzanp, li ka nesesè pou ou chache gen yon entèprèt, oswa yon pwogram ki ekri sou televizyon pou timoun ki tande mal; sa depann de laj ak sa timoun ki gen pwoblèm pou tande a bezwen. Men nan anpil ka, ou ka genyen aparèy la nan men kèk asosyasyon pou gratis.

KI RESPONSABLITE MWEN GENYEN ANTANK BIZNISMANN FAS A LWA ADA A?

Antank moun k ap okipe timoun nan yon sant oswa anndan kay yon fanmi, ou fèt pou ou chache konnen jan lwa ADA a touche non sèlman timoun men tou anplwaye ki ka andikape tou. Pa egzanp, nenpòt lòt moun:

- * ki genyen yon andikap mantal oswa fizik ki anpeche you aktivite oswa plis aktivite fondamantal;
- * ki genyen yon dosye andikape; oswa
- * ke yo konsidere ki gen yon andikap.
- * Lwa sa a pa yon lwa òdinè paske
- * li ede timoun andikape rantre anndan yon pwogram nòmal swen pou timoun oswa nan kay yon fanmi. Yo pa ka refize timoun poutèt andikap sèlman.
- * li vin fè li nesèsè pou yo konsidere moun andikape ki kalifye lè vin genyen opòtinite travay kote y ap okipe timoun nan oswa lakay yon fanmi.
- * li mande pou kote yo fè komès (pa egzanp, biznis prive tankou sant kote yo okipe timoun oswa kay fanmi kote yo okipe timoun) fè moun andikape rantre nan pwogram pa yo, sèvis pa yo, kote pa yo, kominikasyon ak machin transpò pa yo.

ADA PA yon lwa ki bay mezi ratrapay. Moun k ap okipe timoun oswa fanmi ki ap okipe li an, genyen tout rezon pou yo anplwaye moun ki pi kalifye a. Poutèt sa, li enpòtan anpil pou yo ekri règleman ak deskripsyon djòb yo byen. Mezi ki pou evalye potansyèl chak moun ki aplike dwe fèt sa kòm sadwa. Patwon yo fèt pou antrennen tèt yo pou yo ka byen konprann dispozisyon lwa a lè plizyè moun ki aplike, sanble gen menm kalifikasyon. Pou fini, moun ki ap bay swen yo dwe evite jije timoun dapre sa yo pa ka fè men pito sou sa yo ka fè. Pa egzanp, li ilegal pou mande kijan yon kandida andikape ka degaje li nan monte nan yon bis. Ou ka mande yo pou yo montre kijan yo ta fè sa. Ou dwe mande chak grenn kandida pou yo montre menm bagay la.

KISA KI VA PASE AK ASIRANS SOU RESPONSABLITE MWEN GENYEN LÈ MWEN ANREJISTRE YON TIMOUN OSWA YON MOUN ANDIKAPE?

Lwa ADA a mande pou TOUT sant ak kay fanmi ki okipe timoun pou yo sèvi timoun andikape. ADA pa anpeche konpayi asirans pou yo anile osnon pa renouvle kontra asirans dapre sa pwogram oswa sèvis yo prevwa pou timoun andikape. Men pa gen ase prèv ki montre konpayi asirans monte pri yo poutèt pwogram enklizyon. Yo ka chanje pri toulejou yo pou TOUT paran - kidonk etale pri sa koute anplis yo pou kouvri TOUT fanmi menm jan ou ta fè pou lòt depans.

ESKE YO FÈT POU MAKE NÒT ESPESYAL NAN DOSYE LÈ N'AP ANREJISTRE YON TIMOUN OSWA YON MOUN ENFIM?

Pa vrèman. Li enpòtan malgre sa, pou ou byen make ki responsablite paran an genyen pou li peye sizoka timoun nan pa la, jan sa dwe fèt pou tout timoun. Ou dwe kenbe dosye lasante ak dosye doktè ki gen bon enfòmasyon sou tout timoun ki anrejistre nan pwogram ou an.

ESKE MWEN KA PEYE MWENS TAKS POUTÈT ARANJMAN KAY ESPESYAL MWEN FÈ?

Ou plis gen chans pa fè gwo chanjman oswa pa depanse plis lajan pou sèvi timoun ki gen bezwen apa. Si ou dwe fè sa, ou ka vin kalifye pou peye mwens taks nan sa gouvènman federal la bay ti biznis ki pare kay espesyal pou moun andikape. Piblikasyon IRS N° 907 bay enfòmasyon sou mezi sila yo. Ou ka jwenn piblikasyon an lè ou rele IRS nan nimewo 1-800-829-3676.

Simwen lweyones pas pou kotemwen okipet imounnan, kilès ki peye pou chanjman ki va satisfè egzijans ADA yo?

Lwa a pa fin klè sou kesyon sa a. ADA annik bay lide sou jan pou ou ranpli obligasyon sa a. Lwa a di mèt kay lan ansanm ak lokatè a, toulede responsab. Yon prensip jeneral pou sa aplike se:

- ❖ Pou mèt kay lan responsab pou wete “yon jan sa ka fèt trapde”, sa ki bare wout epi mete aparèy ki ede moun ki nan “zòn pi frekante yo” anndan yon estrikti kay ki gen anpil pyès tankou yon apatman oswa yon bilding komès.
- ❖ Lokatè a responsab limenm pou fè chanjman (ki ka fèt trapde epi san mèt kay la pa bay pèmisyon anvan sa) anndan kote yo lwe a pou okipe timoun.

Lè w ap renouvle lwaye ou a, ou dwe mande eksplikasyon sou obligasyon sa yo. Sonje ou fèt pou ou genyen pèmisyon mèt kay lan sou papyè anvan ou fè nenpòt ki chanjman pèmanan nan estrikti a sòfsi ou genyen kat blanch pou ou aji lòt jan.



JAN

POU OU

AJI ANEKIP

Lè ou nan Ekip Timoun Nan

Anpil timoun ki gen bezwen espesyal resevwa sèvis nan men yon ekip moun. Ekip lan koumanse ak fanmi an epi li ka vin genyen yon òtòfonis, fizyoterapet, yon koòdonatè ki bay sipò, yon terapèst okipasyonèl, yon espesyalis pou entèvansyon bonè/edikasyon espesyal pou timoun piti (pou timoun

depi yo fèt jouk yo genyen senk an), yon pwofesè pou edikasyon espesyal (pou timoun ki gen sizan pou rive 21 an), yon enfimyè, oswa yon espesyalis ki trete sante mantal. Antank moun ki okipe timoun, ou ka jwe yon wòl enpòtan nan ekip sa a.

KISA OU KA OFRI EKIP LA?

Antank yon pwofesyonèl ki okipe timoun, ou pase anpil tan ak yon timoun. Ou ka wè timoun nan aji ak lòt timoun, wè chanjman nan jan li grandi ak devlope, epi ou ka wè sentòm maladi oswa wè siy maladi li ak soufrans li.

Sa ba ou enfòmasyon ki enpòtan pou ou pataje ak lòt moun ki ap travay ak timoun nan. Enfòmasyon ou bay va ede manm ekip la konnen yon timoun pi byen epi ede yo tabli objektif ki adapte pou timoun nan ka travay sou sa.

Espesyalis ka mande kèk tip enfòmasyon byen espesyal, tankou chanjman ki fèt nan konpòtman yon timoun oswa lè nivo enèji timoun nan ba anpil. Lè ou pran kèk nòt rapid, sa va ede ou sonje epi pataje enfòmasyon sa a. Ou ka ede manm ekip yo tou pou yo sonje sa ki bon! Espesyalis yo dwe konsantre anpil fwa sou sa ki ap trakase moun, kidonk, ou ka jwe yon wòl enpòtan lè ou fè wè pwogrè timoun nan fè nan anbyans pa ou la.

KIJAN Lòt Moun Nan Ekip Timoun Nan Ka Ede Ou?

“Fè ekip” ak paran ak pwofesyonèl yo, sa ka yon avantaj anplis ou jwenn nan okipe yon timoun ki genyen bezwen apa. Ak pèmisyon yon paran, moun ki bay sèvis yo, ka:

- * aprann kijan pou reponn fas ak sèten konpòtman.
- * Ede ou konnen kisa yon timoun ka fè ak sa li pa ka fè.
- * Eksplike kijan pou ou okipe bezwen espesyal pou swen lasante.

- * Kite ou konnen lè ou dwe pran plis prekosyon ak yon timoun.
- * Enfòmè ou sou lòt sèvis ak resous ki itil.

Yon espesyalis ka menm ofri sèvis li kote w ap okipe timoun ou an. Pa egzanp, yon espesyalis tretman ka vin ede yon timoun fè egzèsis tretman fizik (sa ki ba ou tou yon chans pou ou aprann).

KIJAN MWEN KA VIN FÈ PATI EKIP YON TIMOUN?

Poze paran yo kesyon sou sèvis pitit yo a ap resevwa. Di yo byen klè ou enterese sèlman nan enfòmasyon yo vle pataje ak ou. Mande yo pèmisyon pou ou pale ak moun ki bay sèvis yo epi chache konnen si gen ti detay enfòmasyon paran yo vle ou pataje ak moun k ap bay swen yo.

Paran yo ka enfòmè ou sou tip pwofesyonèl ki ap travay ak pitit yo epi kijan pou ou kontakte yo. Ankouraje paran yo pou yo bay telefòn ou ba moun ki ofri sèvis pou yo ka rele ou si yo gen kesyon. Se pou ou sèten ou gen pèmisyon nan men paran yo anvan ou pale ak yon espesyalis. Ajans yo va mande ou leplisouvan yon pèmisyon sou pape anvan yo diskite ka yon timoun avè ou.

LÈ OU FÈ PATI YON PLAN

Depi yo fèt jouk yo gen 36 mwa, chak timoun ki ap resevwa sèvis nan men Depatman Lasante/Sèvis Medikal pou Timoun/Pwogram Entèvansyon pou Timoun, yo genyen yon Plan Sipò pou Fanmi Yo (FSP). Yon timoun

ki gen laj pou li ale lekòl (apati twazan pou rive 21 an) epi ki ap resevwa sèvis edikasyon espesyal, va genyen yon Plan Edikasyon ki Fèt pou Chak Timoun (IEP). Ekip timoun nan (fanmi li ak moun ki ba li sèvis) devlope plan sila yo. Plan FSP ak IEP yo genyen objektif ak resous pou ogmante kapasite timoun nan pou li aprann. Ak pèmisyon paran yo bay, ou ka mande yon kopi plan FSP ak IEP yo. Lè ou konnen sa plan an di, sa va pèmèt ou ede yon timoun reyalize objektif pa li. Yo ka menm aplike kèk pati nan plan an anndan kote y ap okipe timoun ou an.

Paran yo ka mande pou ou angaje tèt ou nan devlope yon plan FSP oswa IEP pou yon timoun. Reyinyon sou plan FSP ak IEP yo leplisouvan fèt omwen yon fwa pandan yon lane. Si ou ka asiste yo, pran nòt pandan reyinyon yo pou ou ka sèvi ak yo lè ou va bezwen. Ou ka vini ak nòt ou pran sou kèk bagay ou obsève nan anbyans kote timoun ou an ye. Sa va pèmèt ou pataje pwogrè timoun nan fè. Paran yo ka mande pou reyinyon yo fèt nan dat ak kote ou ka ale. Mande si gen posiblite pou ekip yo rankontre, omwen yon fwa anpasan. Si ou pa ka asiste nan reyinyon yo, mande ki kalite enfòmasyon ou ka voye ba paran yo oswa rele lòt manm ekip yo. Mande yo pou yo kenbe ou okouran, sitou sou nenpòt ki desizyon ki pran nan reyinyon sou tan ou pase ak timoun nan

I.D.E.A. LWA SOU EDIKASYON MOUN KI

Lwa sou Edikasyon Moun Ki Andikape (IDEA) mande leta yo pou yo bay bon jan edikasyon piblik ba timoun ak jenn moun andikape ki kalifye pou sa. Revizyon yo te fè nan lane 1997 nan lwa a, te bay sèvis pou timoun piti, plis jarèt. Li genyen twa gwo mezi sa yo:

- * Pati C : Pwogram pou Tibebe ak Timoun
- * Pati B : Edikasyon pou Timoun Andikape ki Gen ant 3 ak 21 an
- * Seksyon 619, Pwogram Don Lajan pou Lekòl Matènèl
- * Pati C: Seksyon 619, Pwogram Don Lajan pou Lekòl Matènèl

Anndan lwa sa a, yo jwenn Pati H/C (pwogram federal ki bay moun dwa); se yon pwogram nan tout leta a, ki chita sou kominote, li kouvri anpil bagay, li byen koòdone, li chita sou fanmi, li gen anpil disiplin ladan li, li fèt an kolaborasyon ak plizyè ajans pou bay sèvis entèvansyon bonè ba tibebe ak timoun ki gen ka reta toutbon nan devlopman yo, ansanm ak fanmi yo.

Pwogram Pati H/C-a sèvi tibebe ak timoun ki prezante yon ka doktè rekonèt ki mete yo nan pi gwo danje pou yo gen andikap lè y ap devlope oswa sila yo ki genyen reta nan devlopman yo, **depi yo fèt jouk yo gen 36 mwa.**

Plan FSP-adwengen ladan li:

Sèvis Pati H/C-a kouvri idantifikasyon, evalyasyon, koòdinasyon sèvis, ak devlopman Plan Sipò pou Fanmi ansanm ak sèvis entèvansyon pou timoun tankou tretman pou kò, tretman nan travay, enstriksyon espesyal ak sèvis sipò pou fanmi. Sèvis yo chita sou sa k ap trakase paran timoun yo ak priyorite yo genyen ansanm ak priyorite ekip FSP a, epitou rezilta ki dekri nan plan an. Yo te mete pwogram nan sou pye nan mwa septanm lane 1993 nan Florid, pa lantremiz Depatman Lasante, ak Sèvis Medikal pou Timoun/ Pwogram Entèvansyon pou Timoun.

Plan sa se fanmi an ki devlope li ansanm ak ekip entèvansyon pou timoun. Li eksplike ki kalite sèvis yon fanmi va resevwa. Lè yo fin idantifye kisa bezwen yo ye, yo itilize plan an pou yo sèten yo bay sèvis yo.

1. Kijan tibebe w lan ap grandi epi ap aprann
2. Sa k ap trakase fanmi ou, priyorite ak resous yo
3. Pi gwo bagay fanmi an vle ki rive pitit yo a (rezilta)
4. Sèvis yon fanmi ka bezwen pou li ede pitit li grandi ak aprann
5. Dat lè sèvis yo va koumanse
6. Kantite fwa yo va bay sèvis
7. Kote yo va bay sèvis
8. Konben tan sèvis yo va kontinye
9. Non koòdonatè sèvis prensipal la
10. Plan pou tranzisyon timoun nan ofiamezi bezwen li yo ap chanje epi ofiamezi y ap reyalize objektif pou timoun nan ak fanmi li
11. Siyati yo mande
12. Kilès ki va peye pou sèvis yo

I.D.E.A. : LWA SOU EDIKASYON MOUN KI ANDIKAPE – PATI B

Pati B a konsènen timoun andikape ki gen ant 3 ak 21 an, ki pa te diplome nan lekòl segondè. Pati sa a nan lwa a bay timoun ki kalifye dwa pou yo resevwa edikasyon espesyal ansanm ak lòt sèvis konsa. Yon timoun kalifye lè li ranpli kondisyon ki sou Lis Règleman Edikasyon Konsèy Administration Leta a pou Edikasyon Eksepsyonèl.

Pwogram edikasyon espesyal la bay ansèyman, founiti espesyal ak lòt sèvis pou edikasyon ki nesèsè. Fòk pwogram nan byen adapte, gratis epi fèt yon jan pou li satisfè bezwen timoun nan, dapre sa paran yo ak lekòl la te konvni. Yo dwe pran desizyon sou timoun nan apre yo fin evalye li. Fòk yo dekri pwogram pou timoun nan sou papye nan yon Plan Edikasyon pou Chak Timoun (IEP). Pou timoun ki gen ant 3 ak 5 an, yo ka ekri yon Plan Sipò pou Fanmi (FSP) oswa yon IEP. Fòk yo pran desizyon sou timoun nan ansanm ak paran li yo. Pwogram nan ap dirije atravè Depatman Edikasyon Florid. Konsèy pou Lekòl nan zòn nan oswa biwo disktrik lan ka bay non ak nimewo telefòn administratè pou Edikasyon Elèv Eksepsyonèl.

NÒT: Li pa obligatwa pou konsèy lekòl nan zòn yo sèvi timoun - depi yo fèt jouk yo gen 36 mwa -ki ranpli kondisyon pou kalifikasyon nan Pati C.

PLAN POU EDIKASYON CHAK MOUN APA (IEP)

Chak timoun ki resevwa sèvis Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl (ESE) genyen yon IEP ki dekri bezwen elèv la genyen, objektif pou edikasyon li ak kalite sèvis pou

edikasyon li ak lòt sèvis timoun nan va resevwa nan lekòl la. Kèk timoun ki andikape resevwa fizyoterapiòtòfoni oswa terapi okipasyonèl anndan lekòl lan. Menmsi timoun yo ap resevwa sèvis ESE, yo ka pa gen yon koòdonatè pou sèvis oswa pou sipò atravè lekòl la, yon moun tankou yon pwofesè oswa yon espesyalis tretman va koòdone pwogram edikasyon pou timoun nan.

SEKSYON 619

Pwogram Don Lajan pou Lekòl Matènèl, otorize don lajan ba tout leta yo pou sèvis pou timoun andikape ki gen ant 3 ak 5 an epi pou sèvis edikasyon espesyal kontinye pou timoun k ap soti nan Pati C a.

SEKSYON 504 NAN LWA SOU REY-ADAPTASYON AN

Li entèdi yo fè diskriminasyon kont timoun ak granmoun poutèt yo andikape, kèlkelanswa pwogram nan oswa aktivite ki ap resevwa èd lajan nan men gouvènman federal la. Seksyon 504 la aplike e pou lekòl matènèl piblik e pou lekòl matènèl prive, sant ki okipe timoun, Pwogram Head Start/Early Head Start, oswa kay fanmi ki okipe timoun epi ki resevwa lajan nan men gouvènman federal la swa dirèk swa atravè yon don lajan, lajan prete, oswa yon kontra.





RESOUS POU TIMOUN KI GEN BEZWEN ESPESYAL AK RESOUS POU FANMI YO

SÈVIS HEAD START POU TIMOUN ANDIKAPE

Depi lane 1972, pwogram Head Start yo te rezève omwen 10 pousan anrejistreman li yo pou timoun andikape. Règ Pèfòmans pou Head Start deklare tout timoun ki kalifye, (timoun andikape yo ladan li tou), dwe resevwa sèvis Head Start epi timoun sa yo fèt pou rantrè nan tout kalite aktivite yo abitye bay timoun pwogram Head Start yo. Pwogram sa yo dwe pran mezi pou fè fas ak bezwen espesyal timoun andikape yo, jan yo ekri sa ekspres nan IEP oswa FSP chak timoun. Pwogram Head Start yo travay kole kole ak Ajans Edikasyon lokal yo ak lòt moun ki bay sèvis pou yo kontinye pwolonje sèvis sila yo ki pran an konsiderasyon sa chak timoun bezwen ak avantaj li genyen.

Sèvis Early Head Start yo disponib pou timoun depi yo fèt jouk yo gen twazan, epi sèvis Early Head Start nòminal yo disponib pou timoun ki gen twazan jouk yo rive nan laj obligatwa pou yo ale lekòl. Ensistans sou sèvis ki chita sou bezwen fanmi yo nan Pwogram Head Start la garanti pwogram nan abòde resous, priyorite ak sa k ap trakase fanmi an epi sipòte li pandan l ap fè fas ak sa timoun yo bezwen pou li devlope.

SÈVIS POU DEVLOPMAN (DS)

Sèvis pou Devlopman timoun ki genyen twazan jouk nan laj pou yo ale lekòl, konsantre sitou sou sipò pou lakay; li pa rebay sèvis lekòl la deja bay. Depandan si timoun nan kalifye, yo ka finanse sèvis yo atravè Rantre Lajan Jeneral nan Leta a, oswa atravè Pwogram Medicaid pou lakay ak Pwogram Egzonasyon anndan Kominote yo pou Moun ki Andikape nan Devlopman yo. Lajan ki finanse sèvis sa yo piti epi li ka pa disponib tout kote nan leta a. Kèlkeswa jan yon timoun resevwa sèvis nan pwogram DS la, yo va jwenn yon koòdonatè ki va detèmine kalifikasyon li pou pwogram nan epi idantifye èd ki disponib pou timoun nan ak tout fanmi li. Anpil granmoun ki gen andikap pou yo devlope, benefisyè sèvis ak api nan Biwo Pwogram Sèvis pou Devlopman an ak Depatman Timoun ak Fanmi yo. Yon fowl sèvis disponib, yo ka kouvri djòb ki prevwa, pwogram fòmasyon lajounen, sèvis larelèl pou gadmalad, machin transpò, fòmasyon sou konpòtman, sèvis tretman, ekipman ak founiti.

SWEN POU TIMOUN LETA FINANSE

Swen pou timoun leta finanse se yon sistèm ki vin prive epi ki baze sou kantite lajan moun fè ak sou chwa paran yo fè. Depatman Timoun ak Fanmi atravè tout listwa li, abitye bay kontra ba 25 Ajans ki koòdone Swen pou Timoun anndan kominote a nan tout 67 kaounti yo. Lajan sa yo soti nan gouvènman federal la, nan leta, epi nan sibvansyon lajan ki egal kantite lajan ki depanse. Alyans Florid la pou Timoun ki nan laj Lekòl, se yon ajans ki te alatèt Pwogram federal pou Swen Timoun ak Pwogram Don Lajan an Blòk pou Devlopman, nan fen lane 2000. Lajan Swen pou timoun leta finanse va administre anba direksyon koyalasyon lokal pou timoun ki pare pou lekòl.

Ajans lokal yo fè swen pou timoun yo disponib atravè dokiman komès ak kontra anba lòt kontra ak sant prive, kay fanmi ki okipe timoun, moun ki bay sèvis yo baze sou relijyon, moun ki bay sèvis yo men ki egzante dapre lalwa ansanm ak fanmi. Paran chwazi ajans ki pou okipe timoun nan ki plis satisfè bezwen fanmi an. Timoun piti anndan Pwogram Swen pou Timoun Leta Finanse, reprezante kounyeya plis pase 14 pou san nan kantite timoun depi yo fèt jouk yo gen senk an, ki anrejistre nan Florid, epi ki ap itilize sèvis 11,318 diferan konpayi. Timoun ki gen laj pou yo ale lekòl epi ki ap resevwa sibvansyon lajan, reprezante plis pase 20 pou san nan sila yo ki anrejistre nan pwogram ki apwouve epi ki egzante pou sa.

RESOUS POU SWEN TIMOUN AK REZO REFERANS MOUN

Depatman Timoun ak Fanmi bay yon ajans prive ki pa gen objektif fè lajan, Fowòm Timoun nan Florid yo, kontra pou li administre Resous pou Swen Timoun Florid yo ak Rezo Referans Moun (CCR&R). Yo te kreye Resous pou Swen Timoun ak Rezo Referans Moun (CCR&R) dapre lwa 402.27.F.S. ki te pase nan lane 1989 pou de gwo rezon:

1. pou ede paran yo jwenn swen pou timoun yo ki plis satisfè bezwen yo genyen, epi
2. pou bay asistans teknik nan devlope resous ki va pèmèt yo abòde pwoblèm swen pou timoun ki disponib epi ki bon mache.

Akote Swen Timoun Leta Finanse, yo transfere kontwòl Rezo Resous ak Referans Moun lan ba Alyans Florid pou timoun ki pare pou lekòl.

Rezo an vin laji sèvis li yo pou yo ka gen ladan yo yon Koòdonatè pou Enklizyon nan chak ajans koòdinasyon pou swen timoun, pou li ka bay ajans ki okipe timoun ki gen bezwen apa, fòmasyon ak asistans teknik.

REZO SANTRAL LIS TELEFÒN SÈVIS ENTÈVANSYON POU TIMOUN NAN LETA FLORID

Lajan gouvènman federal lan bay atravè Lwa sou Moun ki Andikape (I.D.EA.), lajan sa ki administre pa Depatman Lasante Florid, nan yon Pwogram Sèvis Medikal pou Timoun yo rele Pwogram Entèvansyon pou Timoun ak Tibebe, lajan sa ede sipòte Rezo Santral Lis Telefòn leta Florid la. Depatman Lasante bay yon ajans prive ki fe charite - yo rele ajans sa Fowòm Timoun nan Florid - yon kontra pou li administre Rezo an.

Pwogram Lis Telefòn Florid la pou Sèvis Entèvansyon Pou Timoun (Anyè Santral la) bay enfòmasyon ak referans sou moun Andikape ak sou bezwen swen lasante pou fanmi yo, koòdinatè sèvis yo ak lòt pwofesyonèl ki ap travay ak timoun ki gen bezwen espesyal.

Rezo an responsab pou li fè piblik la pran plis konsyans epi konnen pi byen Lis Telefòn Santral la, epi Rezo a reskonsab ansanm ak gwoup lokal kap planifye yo, pou li bay tout Pwogram Entèvansyon pou Timoun ak Tibebe yo asi tans teknik.



Jefò pou fè Florid vin yon Leta ki Okipe Bay Bon Jan Kalite Swen pou Timoun.

FCF se yon rezo nan tout leta a ki reyini pwofesyonèl ki okipe timoun, lidè nan komès ak lidè politik yo, biwo gouvènman yo, fanmi ak moun ki genyen menm rèv pou fè Florid vin yon leta ki okipe bay bon jan kalite swen pou timoun. Nan kad misyon li, FCF mennen rechèch, bay fòmasyon, epi plede kòz timoun, fanmi yo, moun ki okipe timoun ansanm ak patwon yo. Jounen jodiya, FCF apre li pase plis pase dizan ap bay bon jan kalite sèvis nan leta Florid la, se yon lidè tout moun rekonèt anndan peyi an nan domèn okipe timoun.

Fowòm Timoun nan Florid se yon biwo santral pou gwo kokenn aktivite k ap fèt, enfòmasyon, rechèch, resous ak règleman nan domèn okipe timoun ak koze sou timoun ak fanmi domèn sa a touche. FCF se yon lidè nasyonal pou swen timoun epi li ap batay toulejou pou amelyore jan swen pou timoun ka vin pi bon mache, pi disponib epi miyò nan leta Florid.



ORGANIZASYON NASYONAL

ENFÒMASYON SOU LWA ADA A, BIWO NASYONAL

Depatman lajistis ap dirije yon liy enfòmasyon sou ADA. Espesyalis sou koze Enfòmasyon disponib pou reponn kesyon jeneral ak kesyon teknik pandan lè travay yo jou lasemèn. Liy Enfòmasyon an bay tou sèvis otomatik sou machin, 24 sou 24 pou moun ka kòmande dokimantasyon sou ADA ak yon sistèm ki voye faks otomatik epi ki pote liv asistans teknik atravè machin faks oswa modèm.

Tel.: (800) 514-0301 (pou moun pale)
(800) 514-0383 (pou moun ki tande mal)
Faks: Voye faks otomatik sèlman
Entènèt: www.usdoj.gov/crt/ada/adahom1.htm

* * *

SANT LALWA POU SWEN TIMOUN

Sant Lalwa pou Swen Timoun se yon òganizasyon nasyonal - ki fe charite - ki ofri sèvis avoka; yo te kreye li nan lane 1978. Premye objektif CCLC se pou li itilize mwayen legal pou li ankouraje yo devlope pi bon kalite swen, ki bon mache pou chak grenn timoun, tout paran yo ak chak kominote.

Tel.: (415) 495-5498
Faks: (415) 495-6734
Imel: strohl@childcarelaw.com
Entènèt: www.childcarelaw.org

* * *

KOMITE POU TIMOUN EKSEPSYONÈL (CEC), DIVIZYON POU ANFANS (DEC)

CEC se yon òganizasyon - ki fe charite - ki defann kòz moun kap travay epi kòz moun kap kap reprezante timoun ki genyen bezwen espesyal - depi lè yo fèt jouk yo gen witan - ansanm ak fanmi yo. Divizyon an konsakre tèt li nan sipòte règleman ak metòd ki kore fanmi yo epi ki ranfòse pi pon jan timoun ka devlope.

Tel.: (800) 232-7733 oswa (303) 620-4579
Imel: dec_execoff@ceo.cudenver.edu
Entènèt: www.dec-sped.org/dec.html

BIWO SANTRAL ERIC SOU EDIKASYON POU TIMOUN LEKÒL ELEMANTÈ AK POU TIMOUN PITI (ERIC/EECE)

ERIC se youn nan 16 biwo santral nan system ERIC la ki limenm fè pati Libreri Nasyonal pou Edikasyon, ki finanse gras a Biwo pou Rechèch sou Koze Edikasyon ak pou Amelyorasyon (OERI), Depatman Edikasyon Ameriken. Biwo santral ERIC yo idantifye epi seleksyonnen dokiman ak atik jounal, epi yo prepare enfòmasyon ki dekri dokiman yo ak atik ki pou rantre anndan depo enfòmasyon ERIC la, ki limenm se koleksyon enfòmasyon sou koze edikasyon moun pi konsilte atravè lemond.

Biwo santral yo pibliye tou ti revyi, ti liv ki trete yon kesyon, piblikasyon; yo reponn kesyon; yo distribye enfòmasyon sou Entènèt; epi yo reprezante ERIC yo nan konferans ak atelye travay.

Tel.: (800) 583-4135 (pou moun pale/ak pou TTY) oswa (217) 333-1386 (pou moun pale/ak pou TTY)
Faks: (217) 333-3767
Imel: ericeece@uiuc.edu
Entènèt: <http://ericeece.org>

* * *

SANT RESOUS FEDERAL POU EDIKASYON ESPESYAL (FRC)

FRC se yon kontra pou senk an ant Akademi pou fè Edikasyon Devlope, patnè li, Asosyasyon Nasyonal Direktè Leta yo pou Edikasyon Espesyal (NASDSE) ak Depatman Edikasyon Ameriken, Biwo Pwogram pou Edikasyon Espesyal. FRC kore yon rezo asistans teknik nan tout peyi-an pou li ka reponn a bezwen timoun ak jenn moun enfim, genyen, sitou elèv ki soti nan sektè popilasyon-an ki pa reprezante ase.

Tel.: (202) 884-8215
Faks: (202) 884-8200
Imel: FRC@AED.org
Entènèt: www.dssc.org/FRC/index.htm

ASOSYASYON NASYONAL POU EDIKASYON JENN TIMOUN (NAEYC)

NAEYC se pi gwo òganizasyon nan pey -an ki reyini pwofesyonèl pou entèvasyon nan anfans ak lòt moun ki devwe tèt yo pou amelyore kalite edikasyon pou timoun tou piti ansanm ak pwogram pou timoun. Li bay plizyè sèvis, antwot pibliye liv.

Tel.: (800) 424-2460 oswa (202) 232-8777
Faks: (202) 328-1846
Imel: naeyc@naeyc.org
Entènèt: www.naeyc.org

* * *

SANT NASYONAL ENFÒMASYON SOU SWEN POU TIMOUN (NCCIC)

Li Bay enfòmasyon sou swen pou timoun.

Tel.: (800) 616-2242
Faks: (609) 758-4660
Imel: bscott@nccic.org
Entènèt: www.nccic.org

* * *

SISTÈM ASISTANS TEKNIK NASYONAL POU ENTÈVASYON NAN ANFANS

Sa se yon gwoup moun k ap travay pou bay leta yo, jiridiksyon yo ak lòt kote ankò jarèt pou yo ka amelyore sèvis ak rezilta pou timoun piti ki andikape ak pou fanmi yo.

Tel.: (919) 962-2001 pou moun pale oswa (877) 574-3194 pou moun ki tande mal
Faks: (919) 966-7463
Imel: nectas@unc.edu
Entènèt: www.nectas.unc.edu

SANT ENFÒMASYON NASYONAL POU TIMOUN AK JENN MOUN KI ANDIKAPE (NICHCY)

"Fèy sou Chak Pwen" sou andikap espesifik disponib pou piblik la an jeneral.

Tel.: (800) 695-0285 or (202) 884-8200 (pou moun pale/ak pou TTY)
Faks: (202) 884-8441
Imel: nichcy@aed.org
Entènèt: <http://www.nichcy.org>

ENSTITI NASYONAL SOU ANDIKAP AK RECHÈCH SOU REYADAPTASYON

Dis sant reyjonal ki bay asistans teknik sou ADA.

Tel.: (800) 949-4232
Faks: (703) 525-3585
Entènèt: www.ed.gov/offices/OSERS/NIDRR

* * *

ZERO TO THREE/SANT NASYONAL POU TIBEBE, TIMOUN AK FANMI YO

Sa se pi gwo resous peyi an pandan twa premye lane yon timoun. Se yon òganizasyon nasyonal ki fè zè; li gen pou objektif ranfòse ak sipòte fanmi yo, moun ki nan metye ede timoun, ak kominote yo pou li ka ankouraje tibebe ak ti timoun devlope ak lasante.

Tel.: (202) 638-1144
Faks: (202) 638-0851
Imel: 0to3@zerotothree.org
Entènèt: <http://www.zerotothree.org>



SIG AK ABREVIYASYON

ANDIKAP, PWOBLÈM MEDIKAL AK SÈVIS KI GEN RAPÒ AVÈK SA

Pwofesyonèl yo souvan itilize abrevyasyon pou fòme sig pou dekri kèk tèm. Nan domèn andikap la pa genyen eksepsyon. Sa yo se kèk nan akwonim yo itilize pi souvan ansanm ak tèm yo chak dekri. Tèm sa yo kouvri domèn andikap avèk pwoblèm medikal, ansanm ak sèvis ak tèm ki gen rapò ak bagay medikal. Enfòmasyon sa a fèt espesyalman pou paran tibebe ki genyen andikap ansanm ak pwofesyonèl ki bay fanmi sa yo sèvis.

ANDIKAP, PWOBLÈM MEDIKAL AK SÈVIS KI GEN RAPÒ AVÈK SA NAN NIVO NASYONAL AK LETA

ADA	Lwa sou Ameriken ki Andikape
ADC	Timoun Andikape Adilt; Èd pou Timoun ki Depandan (pi souvan yo rele AFDC)
ADD	Twoub Defisitè Atansyon
ADHD	Twoub Ipèaktivite Defisitè Atansyon
ADL	Aktivite Lavi Kotidyèn
AFDC	Èd pou Fanmi ki gen Timoun Depandan
AHCA	Ajans pou Administrasyon Swen Medikal
ARC	Asosyasyon pou Sitwayen Retade
ASD	Twoub Spèk Otism
ASHA	Asosyasyon Ameriken pou Pawòl/Langaj ak Tande
AT	Teknoloji pou bay Asistans
BD	Twoub Konpòtman
BISCS	Biwo Sipò Enstriksyon ak Sèvis Kominotè
BPD	Displasi Bwonko-pilmonè
CA	Laj Kwonolojik
CAN	Abi sou Timoun ak Neglije Timoun
C.A.R.D.	Sant pou Otism ak Andikap ki gen rapò ak sa
CAT Scan	Eskanografi (Pafwa yo rele I CT Scan)
CBC	Nimerasyon Globilè Konplè
CCR&R	Resous ak Referans pou Swen Timoun
CD	Anyè Santral, Anyè Sèvis Anfans nan Florid
CDB	CDB Benefis pou Timoun Andikape
CDH	Èni Dyafragmatik Konjenital
CEC	Konsèy pou Timoun Eksepsyonèl
CF	Fibwoz Kistik
CHD	Maladi Kè Konjenital
CHRIS	Regis ak Sistèm Enfòmasyon Timoun
CHS	Sosyete Kay pou Timoun
CMS	Sèvis Medikal pou Timoun
CMV	Sitomegaloviris

CNS	Sistèm Nève Santral
CP	Ansefalopati enfantil
CPAP	Presyon pozitif an pèmanans nan Tib pou Respire a
CPHU	Depatman Lasante Piblik Kaounti a
CS	Sezaryèn
CSF	Likid Sefalo-rachidyen
DAC	Timoun ki granmoun ki Envalid
DBS	Departman Sèvis pou moun ki Avèg
DCF	Depatman Timoun ak Fanmi
DD	Andikap Devlopmanal
DDC	Konsèy sou Andikap Devlopmanal
DEI	Evalyasyon ak Entèkansyon Devlopmanal
D&E	Dyagnostik ak Evalyasyon
DOE	Depatman Edikasyon
DOH	Depatman Lasante
DS	Sèvis Devlopmanal
Dx	Dyagnostik

ECG	Elektrokadyogram
ECMO	Oksijenasyon Manbràn Ekstrakòporèl
ED/EH	Twoub Emotif/Andikape Emosyonèlman
EEG	Elektwoansefalogram
EI	Entèkansyon pou Timoun
EIP	Pwogram Entèkansyon pou Timoun
EMR/EMH	Retade Mantal/Andikape Edikab
ENT	Zòrèy, Nen ak Gòj
EPSDT	Depistaj, Dyagnostik ak Tretman Nan anfans epi peryodik
ESE	Edikasyon pou Elèv Dezavantaje

FAPE	Edikasyon Piblik Apwopriye Gratis
FAS	Sendwòm Alkolis Fetal
FDLRS	Sistèm Dyagnostik ak Resous Aprantisaj nan Florid
FEFP	Pwogram Fon pou Edikasyon nan Florid
FHR	Frekans Kadyak Tibebe Nan Vant
FICCIT	Konsèy Ki Koòdone Entèajans pou Tibebe ak Timoun nan Florid
FL ARF	Asosyasyon pou Etablisman Reyadaptasyon nan Florid
FND	Rezo Familyal sou Andikap
FRS	Espesyalis Resous Familyal
FSDB	Lekòl pou Moun ki Soud ak Avèg nan Florid
FSP	Plan Sipò pou Fanmi
FTE	Ekivalans Aplantan
FTT	Absans Devlopman Nòmàl

GI	Gastwo-entestinal
-----------	-------------------

HHSB Konsèy Sèvis Lasante ak Sèvis pou Tout Moun
HI/HH Malantandan/Andikap nan Tande
HMO Òganizasyon pou Mentni Lasante
HRAC Komite pou Defans Dwa de Lòm
Hx Istwa/Antesedan

IBC Komite Byo Etik pou Tibebe
ICC Konsèy pou Koòdone Entèajans
ICF Etablisman Swen Entèmedyè
ICRC Komite Egzamen Swen pou Tibebe
ID Defisyans Iminite
IDEA Lwa sou Edikasyon Moun ki Andikape
IDT Ekip entèdisiplinè
IEP Plan Edikasyon pou chak Timoun
IFSP Plan Sèvis pou Fanmi an Menm (Plan Sipò Pou Fanmi nan Florid)

IH Idwosefali Konjenital
IHP Plan Abilitasyon Endividyalize
I&O Admisyon ak Randman
IQ Kosyan Entelekyèl
I&R Enfòmasyon ak Referans
IS Estimilasyon pou Tibebe
ISP Plan Sèvis Endividyèl
ITP Plan Tranzisyon Endividyalize
IUGR Reta kwasans Entra-Iterin
IVH Emoraji Entravantrikilè
IV Entravene

LBR Demann Bidjè Lejislatif
LBW Pwa Nesans ki Ba
LD Andikap nan Aprantisaj
LEA Ajans Edikasyon Lokal
LICC Kolaborasyon Kominotè Entèajans Lokal
LRE Anviwonman ki Mwen Restriktif
LT Terapi Langaj

MA Laj Mantal
MBD Disfonksyon Serebral Minim
MCH Lasante Matènèl ak Timoun
MD Distwofi Miskilè
MDT Ekip Miltidisciplinè
MR Reta Mantal
MRI Imaj Rezonans Mayetik
MS Sklewoz Miltip

NAEYC Asosyasyon Nasyonal pou edikasyon Jèn Timoun
NEC Entewokolit Nekwotizan
NEC*TAS Sistèm Nasyonal* Asistans Teknik pou Timoun Piti

NICHCY Sant Enfòmasyon Nasyonal pou Timoun ak Jèn ki gen Andikap

NICU Inite Swen Entansif Neyonatal
NORD Òganizasyon Nasyonal pou Twoub ki Ra
NPND Rezo Nasyonal pou Paran sou Andikap
NPO Anyen Pa Vwa Oral
NSVD Akouchman Vajinal Espontane Nòmval
NTD Defo Tib Nève
OH Andikape Òtopedik
OI Maladi Porak
OM Otit Mwayèn
OSEP Biwo Pwogram Edikasyon Espesyal

OT Terapi/Terapis Okipasyonèl
PASS Plan pou Rive nan Oto-Sipò
PCA Èd pou Swen Pèsonèl
PDD Twoub Devlopmantral Anvayisan
PH Andikape Fizik Toutbon
PI Pa Fin Andikape Fizik Net
PICU Inite Swen Entansif Pedyatri
PKU Fenilsetoniri
PMR/PMH Retade/Andikape Mantal Pwofon
PPEC Swen Pwolonje Pedyatri yo Preskri
PRN Nenpòt lè ki Nesesè
PRO Òganizasyon Resous pou Paran
PSC Primary Service Coordinator
PSC Koòdinatè Resous Prensipal
PT Fizyoterapi/ Fizyoterapè

RDS Sendwom Detrès Respiratwa
REFER Lojisyèl Rezo Anyè Santral la ap Itilize
RPC Konsèy Politik Rejyonal
RPICC Sant Swen Entansif Perinatal Rejyonal
R&R Resous ak Referans
RT Terapi Rekreyasyonèl
Rx Preskripsyon

SCAN Abi ak Neglijans sou Timoun yo Sispèk
SEA Ajans Edikasyon Leta
SED Twoub Emosyonèl Grav
SEDNET Rezo pou Moun ki gen Twoub Emosyonèl Grav

S/LI Andikap nan Pawòl/Langaj
S/LT Òtofoni
SAG Piti pou Laj Jestasyonèl
SIDS Sendwom Lanmò Tibebe Sibit
SLD Andikap nan Apran Lekol
SSDI Sekirite Sosyal pou Moun ki Andikape
SSI Revni Sekirite Siplemanntè
ST Òtofoni

TA Asistans Teknik
TDD Aparèy Telekomunikasyon pou Moun Ki Soud
TMR/TMH Retade/Andikape Mantal ki ka jwenn Fòmasyon

TPN Nitrisyon Parantal Total
Tx Tretman

UCP Enfimite Motris Serebral Ini
URI Enfeksyon Vwa Respiratwa Siperyè
UTI Enfeksyon trak Irinè

VE Eksepsyonalite Varye
VI/VH Vizyèlman Andikape
VLBW Pwa Nesans ki Ba Anpil
VR Reyabilitasyon Pwofesyonèl
VS Siy Vital

WIC Pwogram pou Fanm, Tibebe ak Timoun



TWOUB AK PWOBLÈM MEDIKAL

ANDIKAP, ENVALIDITE OSWA RETA

Nenpòt nan yon varyete kondisyon akòz twoub miskilè, pwoblèm zo oswa newo-miskilè, paralizi oswa pèt youn oswa plizyè nan manm yo ki enpoze limit fizik yon moun ikonpri kapasite pou mache, kanpe oswa itilize yon men ki afebli.

- * **Ansefalopati Enfantil** – Yon paralizi ki pa pwogrese ki koze pa defo nan devlopman nan sèvo a oswa twomatis pandan akouchman ki vin bay kòm rezilta yon pèt nan kontwòl miskilè, kontraksyon, feblès ak pwoblèm pawòl. Genyen yon kantite fòm ansefalopati enfantil tankou ataksi, atetoz, rijidite, espastisite ak tranbleman.
- * **Distrofi Miskilè** – Yon maladi ki fanmiye epi ki karakterize pa atwofi pwogresif ak pèt misk yo.
- * **Spina bifida** – Yon defo konjenital nan mi kod kolòn vertebral la ki koze pa yon mank inyon ant lam nan ak vètèb lan. Akòz mank sa a, manbràn kòd lan pouse nan ouvèti an epi ki fòme timè spina bifida a.

ANDIKAP MANTAL OSWA RETA

Tout defo oswa karakteristik mantal akòz yon anomali konjenital, blesi twomatik, oswa maladi ki deteryore fonksyon entelektyèl epi anpeche yon moun patisipe nòmalman nan aktivite ki apwopriye pou gwoup moun ki gen menm laj avè l.

- * **Sendwom Down (Trizomi 21)** – Yon varyete twoub devlopman konjenital kote yo remake fwon an sanble li glise sou je yo, tach gri oswa jòn klè nan periferi iris je a, men yo kout, yo laj epi yo genyen yon sèl pli nan pla men an, yon nen plat oswa san zo nen, zòrèy yo ba epi yo piti an jeneral.
- * **Sendwom Frajil X** – Yon kondisyon asosya yon yon mitasyon lyen- x avèk yon kote frajil touprè pwen bra long kwomozom x lan. Pifò gason epi 30% fi ki gen mitasyon sa a gen ensifisans mantal. Gason yo tou devlope testikil ki elaji aprè pibète.

- * **Sklewoz Tiberez** – Yon sendwom ki manifeste avèk kriz konvilsif, twoub mantal pwogresif, timè sebase benen sou figi, epi timè nan ren epi nan sèvo avèk pwojeksyon nan vantrikil serebral yo.

PWOBLÈM MEDIKAL

Tibebe oswa jèn timoun ki bezwen sèvis med cal tou tan.

- * **Tib Nasogastric (NG)** – Yon tib nasogastrik se yon tib kawotchou oswa plastik ki pase nan nen an, pou desann nan gòj ak ezofaj (tib kote manje a desann) epi nan vant lan. Yo ka itilize tib NG yo pou bay manje, likid oswa medikaman lè yon timoun paka pran bagay sa yo pa vwa oral (nan bouch).
- * **Medikaman oral miltip** – Lè yon timoun pran plizyè preskripsyon medikaman regilyèman.
- * **Pa Kapab Viv San Respiratè** – Tout moun ki depann sou yon aparèy pou ede yo respire epi pou ede yo genyen bon presyon lè nan poumon yo.

RETA NAN DEVLOPMAN

Yon tèm yo itilize lè yon tibebe oswa jèn timoun pa rive genyen nouvo kapasite nan tan nòmal epi genyen yon modèl konpòtman ki pa apwopriye pou laj li.

- * **Blesi pandan akouchman** – Blesi fizik oswa newolojik yon tibebe genyen ki fèt akòz difikilte nan akouchman.
- * **Sendwom Alkol sou Tibebe Ki Nan Vant** – Defo nan tibebe ki gen manman ki bwè anpil alkol pandan gwosès lan. Sendwom lan genyen yon modèl defòmasyon espesifik ki enplike yon mank nan kwasans depi nan kòmansman, reta nan devlopman, anomali nan kranyo-fasyal ak defo nan bra yo ak pye yo.
- * **Sendwom Tibebe yo Souke** – Yon pwoblèm ki ka rive lè yo souke yon timoun avèk vyolans: sa lakòz blesi nan sèvo, kolòn vertebral li oswa mwèl epinyè li. Konplikasyon ki ka rive se andikap mantal, paralizi, pèt vizyon ak petèt lanmò.

AFEBLISMAN NAN VIZYON OSWA TANDE KI GRAV

Afeblisman nan Vizyon – Zye oswa malfonksyon nan nè optik yo ki anpeche moun ki afekte yo wè nòmalmman.

Afeblisman nan Tande – Yon defo nan yon pati oswa plizyè pati nan zòrèy ansanm ak chemen nè ki asosye avèk li ki soti nan zòrèy pou ale nan sèvo ki anpeche moun nan tandè byen tandè pawòl ki ba, konvèsasyon òdinè, pawòl ki fò oswa lòt son.

- ❖ **Sesite (Avèg)** – Yon pwoblèm kote moun ki afekte a genyen akuite vizyèl 20/200 oswa mwens nan zye ki pi bon an avèk koreksyon maksimal, oswa yon chan vizyon peripheral ki si tèlman kontrakte dyamèt ki pi laj li a sou ann yon ang ki pa plis pase ven degre.
- ❖ **Sendwom Cockayne** - Yon sendwom ereditè ki transmèt kòm yon karaktè resesif, kote moun lan soufri nanism -moun kout anpil - avèk atrofi retin je a ak pwoblèm tandè nan zòrèy, ki asosye avèk pwojeri (timoun sanble granmoun bonè), pwognati (timoun ki kout), reta mantal epi timoun sa sansib a limyè.
- ❖ **Soud (Pa ka Tandè)** - Se lè timoun lan paka tandè - depi jou li fèt la jis lè timoun lan gen 2 a 3 zan daj - ke sa anpeche timoun lan pale jan pou sa ta fèt nòmalmman.

TWOUB KONPÒTMAN GRAV

Konpòtman ki antrave lavi nòmalmman yon moun oswa lavi moun ki abite ak li yo oswa ki travay ansanm avèk li; faktè ki ka koze sa se anv wonman, emosyon oswa sikyatrik.

- ❖ **Sendwom Prader-Willi** – Yon maladi enfantil ki ra, ki paka trete epi pafwa ki ka koze lanmò ki karakterize pa moun kout, mank nan ton, gwosè ak fòs misk yo; jenital ki pa devlope oswa ki piti; yon apeti ki pa janm satisfè epi ki mennen nan obezite si yo pa trete li; ansanm ak reta entelekyèl nan pifò ka.
- ❖ **Sendwom Tourette** – Yon twoub mouvman ne-wolojik ki kòmanse lè moun nan genyen de de (2) a sèz an epi sa karakterize pa: mouvman miskilè repete yo rele “tics”, batman zye rapid, zèpòl kap monte desann, tèt kap fè mouvman, figi kap bat oswa lòt mouvman nan tòs oswa manm yo; epi yo fe bwi san yo pa vle tankou renifle, netwaye gò, touse, gwoyman, jape oswa rele fò.

RETA OSWA ANDIKAP NAN PAWÒL AK LANGAJ

Nenpòt ki pwoblèm ki antrave kapasite yon moun pou l pwodui pawòl moun ka tandè nan yon degre kote son ki soti an pa sèvi kòm yon zouti de baz pou ekspresyon oral. Andikap nan pawòl tonbe nan plizyè kategori pwoblèm atikilasyon kote son pawòl yo pa soti, ranplase pa lòt son oswa yo defòme; pwoblèm nan vwa kote ton, wotè oswa kalite vwa a afekte; epi bege.

PWOBLÈM KRIZ

Kriz yo karakterize pa mouvman enkontwole misk kò yo Moun lan pa ka kontwole; kriz yo ka karakterize tou pa chanjman nan vijilans oswa konpòtman. Se sèten anomali nan sèvo a ki koze sa. Nan sèvo ki nòmal la, genyen aktivite elektrik òganize ki toujou prezan. Yon kriz rive lè yon jayisman kouran elektrik ki pa òganize antrave aktivite elektrik nòmal sèvo a. Yon jayisman se lè kouran elektrik la parèt toudenkou. Diferan kalite kriz yo koze pa di eran kalite jayisman elektrik nan diferan pati sèvo a.

- ❖ **Tonik-klonik (yo rele sa Grand mal tou) kriz se kalite kriz ki pi komen an** - Toudabò timoun nan pase nan faz tonik lan lè li pèdi konesans, kò a vin rèd, li bave, li respire fò, epi pafwa li pipi epi tata sou li. Aprè sa faz klonik lan suiv kote mis kò yo chanje de rèd a rilaks. Apre kriz lan souvan genyen yon tan kote moun lan anvi dòmi epi li pa finn konnen sa kap pase.
- ❖ **Absans (Petit mal)** - Nan kriz sa yo souvan wè yon ti tan fiksasyon tankou timoun nan ap reve. Souvan timoun nan pa pral genyen ankenn chanjman nan aparans misk lan. Pa egzanp, si timoun nan kanpe li pap tonbe. Pral genyen yon pèt konesans momantane epi timoun nan pa pral konnen kisa ki te rive pandan ti tan kriz sa a.
- ❖ **Enfantil (Myoklonik enfantil)** - Rive pandan de premye ane lavi e souvan anvan timoun lan gen 1 nan daj. Pandan kriz enfantil la, timoun yo ka demontre diferan aktivite kriz, tankou yo souke tèt yo oswa yo detire tèt yo epi yo detire bra yo plizyè fwa pandan lajounen an.
- ❖ **Pasyèl-senp (fokal)** - Kriz sa yo ka enplike nenpòt pati nan kò a. Tèm senp lan vle di an jeneral timoun nan pa pèdi konesans.
- ❖ **Konplike (sikomotè)** - Kriz sa yo sanble avèk kriz senp yo paske se yon sel pati na ko a ki genyen li. Tèm konplèks lan vle di genyen lot syi tou tankou moun lan sanble li pa konnen sa lap fe a, moun lan fe de bagay drol, epi tou moun lan kapab pèdi konesans. Apre kriz sa yo souvan moun lan pa finn konnen sa kap pase.

ADHD/ADD

(Twoub defisitè Atansyon avèk ipèaktivite) (twoub defisitè atansyon san ipèaktivite)

Yon twoub kote yon timoun montre yon mank atansyon ak yon mank aktivite ki pa bon pou devlopman timoun lan. Genyen de kalite twoub sa yo: Twoub defisitè Atansyon avèk ipèaktivite ak twoub defisitè atansyon san ipèaktivite. Men kèk karakteristik yo: timoun lan pa janm rete fè yon travay, Timoun lan gen difikilte pou òganize li epi pou li fini yon travay, Li pa kapab rete fè kèk aktivite nan tan ki apwopriye pou laj timoun nan, li pa ka fè sa paran yo mande pou fè. Sentòm yo ka varye selon sitiyasyon ansanm ak lè a, pa egzanp lakay, lekòl, gwoup, ak entèraksyon fas a fas.

OTISM

Yon andikap devlopmantral ki dire tout lavi ki afekte kominikasyon ak konpòtman epi ki parèt òdinèman anvan timoun nan genyen twa zan. Li karakterize pa yon apwopriye; konpòtman retire, anti-sosyal epi/oswa mank afeksyon; a fasinasyon pou bagay olye pou moun; mouvman kò pwolonje ki dwòl, yon ipèsansiblite pou estimilasyon; konpòtman estereyotipik epi konpilsif; epi yon mankman pou pran inisyativ oswa asosye yo ak moun.

FIBWOZ KISTIK

Yon maladi ereditè ki afekte pankreyas, sistèm respiratwa ak gland ki fe swe yo, maladi sa òdinèman kòmanse le timoun lan piti epi li karakterize pa enfeksyon respiratwa kwonik, ensifizans pankreyatik ak entolerans pou chalè. Pwonostik la pa bon piske pa gen tretman pou maladi sa, men antibyotik ak nouvo tretman te pwolonje lavi anpil malad.

SIK

Yon twoub kote pankreyas lan pa pwodui ase ensilin Ki fe kò a paka metabolize sik byen. Sentòm prensipal yo se sik nan san an ki wo, sik nan pipi, pipi anpil epi moun nan manje plis pase nòmal. Konplikasyon sik, si li pa trete enkli rezistans pou enfeksyon ki ba epi ki ka vin rann kò a siseptib pou gangrèn, twoub kadyovaskilè ak nan ren, pètibasyon nan balans elektwolit ak twoub nan zye, ki ka fè yon moun vin avèg.

ALÈJI GRAV

Yon kondisyon kote moun nan vin genyen yon ipèsansiblite a sibstans ki nòmalman pa kote yon reyaksyon. Manifestasyon ki pi komen enplike vwa respirasyon oswa po epi sa enkli egzema, itikè, bagay k ap sot nan nen w epi anflamasyon manbràn mizez nazal la.

OPRESYON GRAV

Yon twoub sistèm bwonchik lan ki karakterize pa respirasyon difisil akonpaye avèk respirasyon siflan koze pa yon kontraksyon tib bwonchik oswa anfleman manbràn mizez lan. Reparasyon ak severite atak la enfluyanse pa faktè segondè: fatig mantal oswa fizik, ekspozisyon a lafimen, chanjman andokrin nan diferan peryòd nan lavi ak sitiyasyon emosyonèl.



DIKSYONÈTEM

YO UTILIZE NAN EDIKASYON ESPESYAL

NÒT: Se yon varyete sous ki konpile definisyon sayo. Kontni diksyonè sa a pa nesèsman reprezante definisyon Depatman Edikasyon Etazini apwouve.

DEVLOPMAN ADAPTIF

Devlopman timoun nan an konparezon ak lòt timoun ki gen menm laj avè l. Sa ka enkli abilite pou timoun nan abiye, manje san lòt moun pa ede l, al nan twalèt lè l bezwen, kouman li jwe ak lòt timoun, kouman li jwe poukont li, konprann danje ki gen lè l ap travèse lari, kouman li konpòte l lè manman l kite chanm nan, eksetera.

KONSEYE

Yon moun ki fè aksyon pou ede yon lòt moun (tankou nan "Konsèye edikasyonèl"); epitou, pou fè aksyon nan non yon moun

CHANJMAN

Tout chanjman, revizyon oswa adsyon yo fè nan lwa a.

APÈL

Yon demann pa ekri pou fè chanjman nan yon desizyon; epitou, pou fè demann sa a

APWOPRIYE

Kapab satisfè yon bezwen; konvab oswa apwopriye; nan edikasyon espesyal, sa souvan vle di sitiyasyon ki pi nòmal posib

EVALYASYON

Ranmase enfòmasyon sou bezwen yon timoun epi mete yo ansanm, ki ka enkli evalyasyon sosyal, sikolojik, ak edikasyonèl yo itilize pou detèmine sèvis yo; yon pwosesis kote yo itilize obsèvasyon, tès, ak analiz tès pou detèmine fòs ak feblès yon moun pou ka planifye sèvis edikasyonèl li bezwen

EKIP EVALYASYON

Yon ekip moun ki sot nan diferan milye ki obsève epi teste yon timoun pou detèmine fòs li ak feblès li

AN DANJE

Yon tèm yo itilize pou timoun ki genyen, oswa ka genyen, pwoblèm nan devlopman yo ki afekte abilite yo pou aprann pita nan lavi yo

RECHÈCH TIMOUN (CHILD FIND)

Yon sèvis ki dirije pa Depatman Edikasyon chak eta oswa ajans pou idantifye epi dyagnostike timoun ki gen andikap ki pa resevwa sèvis; pandan Child Find ap chèche tout timoun ki pa resevwa sèvis yo, li fè yon efò espesyal pou l idantifye timoun apati nesans yo jiska laj sis an

ENTELEKTYÈL

Yon tèm ki dekri pwosesis moun itilize pou sonje, rezone, konprann epi itilize jijman; nan tèm edikasyon espesyal, yon andikap entelektyèl vle di difikilte pou aprann

SISTÈM SÈVIS DETAYE

Se yon lis 14 zòn chak eta k ap patisipe dwe bay selon pwogram Entèkansyon pou Tibebe ak Timoun yo (Pati H). 14 pwèn sa yo pale sou definisyon reta devlopmanal, gid pou idantifikasyon, evalyasyon, ak pwovizyon sèvis entèkansyon nan anfans pou timoun nan ansanm ak fanmi l

KONSÈY PWOFEYONÈL

Konsèy oswa èd yon moun ki kalifye pou bay jan de konsèy oswa èd sa yo (souvan se konsèy sikolojik)

DEVLOPMANTAL

Yon tèm yo itilize pou pa oswa etap nan kwasans ak devlopman anvan laj 18 an

ISTWA DEVLOPMANTAL

Pwogrè devlopmanal yon timoun (laj apati nesans jiska 18 an) nan abilite tankou chita, mache, pale oswa aprann

TÈS DEVLOPMANTAL

Tès estandadize ki mezire devlopman yon timoun an konparezon ak tout lòt timoun ki gen menm laj avè l

ANDIKAP

Rezilta nenpòt kondisyon fizik oswa mantal ki afekte oswa antrave abilite yon moun pou l devlope, gen siksè epi /oswa fonksyone nan yon kad edikasyonèl nan yon vitès nòmal

PWOSEDI KI FÈT SELON LALWA (PWOSEDI)

Aksyon ki pwoteje dwa yon moun nan edikasyon espesyal, sa aplike a aksyon yo pran pou pwoteje dwa edikasyonèl elèv ki gen andikap yo

ENTÈVANSYONIS POU TIMOUN PITI

Yon moun ki espesyalize nan devlopman timoun piti, souvan ki genyen yon Metriz oswa yon Doktora nan yon domèn ki gen rapò ak devlopman tibebe, timoun ak timoun ki nan laj preskolè

RÈG KI GIDE ENTÈVANSYON POU TIMOUN

Gade règ/prinsip yo

SÈVIS OSWA PWOGRAM ENTÈVANSYON POU TIMOUN

Pwogram oswa sèvis yo fèt pou idantifye epi trete pwoblèm devlopmantral leplivèt posib; anvan laj 2-3 (yo rele sèvis pou timoun ki gen 3-5 an sèvis preskolè)

ELIJIB

Kapab kalifye

EVALYASYON (KI APLIKE POU TIMOUN APATI DE NESANS YO JISKA LAJ DE ZAN)

Pwosedri yo te itilize pou detèmine si yon timoun elijib pou sèvis entèvansyon pou timoun; (ki aplike pou timoun ki nan laj preskolè ak nan laj eskolè) pwosedri ki itilize pou detèmine si yon timoun genyen yon andikap epi nati ak etandi edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak bezwen timoun nan

EDIKASYON PIBLIK APWOPRIYE KI GRATIS [SOUVAN YO RELE SA FAPE]

Youn nan egzijans kle IDEA, ki egzije pou yo bay tout timoun ki nan laj pou al lekòl yon pwogram edikasyon (san yo pa gade sou andikap li) san fanmi an pa peye senk kòb; egzijans egzat yon sou "apwopriye" an pa defini, men lòt referans nan lalwa vle di kad ki pi "nòmal" ki disponib

ANDIKAP

Gade andikap

IDANTIFIKASYON

Pwosedri pou chèche epi idantifye timoun ki bezwen sèvis espesyal

AJANS AN CHAJ

Ajans lan (ofis) nan yon eta oswa teritwa ki an chaj pou siveye epi koòdone sistèm sèvis pou timoun ki nan laj lè yo fèk fèt jiska laj 2 an

ANVIWONMAN KI GEN MWENS RESTRIKSYON (LRE)

Yon kad edikasyonèl oswa pwogram ki bay yon elèv ki genyen yon andikap yon chans pou travay epi aprann selon meyè kapasite l; epitou li bay elèv lan leplis kontak posib avèk timoun ki pa gen andikap, anmenmtan y ap reponn tout bezwen timoun nan genyen pou l aprann ansanm ak egzijans fizik li

MILTIDISIPLINÈ

Yon apwoch ekip ki enplike espesyalis nan plis pase yon disiplin, tankou yon ekip ki konpoze de fizyoterapet, yon patolojis nan langaj, yon espesyalis nan devlopman timoun, yon terapet okipasyonèl, oswa lòt espesyalis lè sa nesèsè

OCCUPATIONAL THERAPY

A therapy or treatment provided by an occupational therapist that helps individual developmental or physical skills that will aid in daily living; it focuses on sensory integration, on coordination of movement, and on fine motor and self-help skills, such as dressing, eating with a fork and spoon, etc.,

TERAPI OKIPASYONÈL

Yon terapi oswa tretman yon terapet okipasyonèl bay ki ede abilite endividyèl devlopmantral oswa fizik ki pral ede nan lavi detoulèjou; li konsantre sou entegrasyon sansoryèl, sou koòdinasyon mouvman, epi sou abilite motris ak abilite pou timoun nan ede tèt li, tankou mete rad sou li, manje avèk yon fouchèt epi yon kiyè, eksetera.

FÒMASYON POU PARAN AK PWOGRAM ENFÒMASYON

Pwogram ki bay enfòmasyon pou paran timoun ki genyen bezwen espesyal sou fason pou yo jwenn sèvis, travay avèk lekòl yo ansanm ak edikatè yo pou asire plasman edikasyonèl ki pi efikas pou timoun yo, konprann metòd tès ak evalyasyon yon timoun ki gen bezwen espesyal, epi pran desizyon eklere sou bezwen espesyal timoun yo

FIZYOTERAPI

Tretman andikap (fizik) yon fizyoterapet ki resevwa fòmasyon bay (selon òdonans yon doktè) ki enkli itilizasyon masaj, egzèsis, eksetera, pou ede moun nan amelyore itilizasyon zo yo, misk yo, jwenti ak nè yo

PLASMAN

Sal klas la, pwogram, sèvis, epi/oswa terapi yo chwazi pou yon elèv ki genyen bezwen espesyal

RÈG/RÈGEMAN YO

Règleman; ki gen rapò ak entèvansyon nan anfans ak pwogram edikasyon espesyal, règ yon sistèm lekòl oswa leta oswa lokal genyen pou bay sèvis epi edike elèv li yo ki genyen bezwen espesyal

AJANS PRIVE

Yon ajans ki pa piblik ki ka resevwa lajan nan men piblik lan pou bay kèk timoun sèvis

MOUN KI BAY SWEN NAN PRIVE

Nenpòt pwofesyonèl (ki bay swen, ki bay kou, sikològ, eksetera.) ki pa gen rapò ak sistèm lekòl piblik lan oswa yon ajans piblik

PWOGRAM (YO)

Nan edikasyon espesyal, yon sèvis, plasman, epi/oswa terapi ki fèt pou ede yon timoun ki gen bezwen espesyal

SIKOLÒG

Yon espesyalis nan domèn sikoloji, souvan ki genyen yon Metriz oswa yon Doktora nan sikoloji

AJANS PIBLIK

Yon ajans, biwo oswa òganizasyon ki sipòte pa fon piblik epi ki sèvi kominote a an jeneral

LALWA PIBLIK (P.L.) 94-142

Yon lwa ki te pase nan ane 1975 ki egzije pou lekòl piblik bay yon "edikasyon apwopriye gratis" pou timoun ki gen laj pou al lekòl ant 3-21 an (laj egzat yo depann de egzijans leta, san yo pa gade sou kondiyon andikap li a; yo rele l tou Lwa pou Edikasyon pou Tout Timoun Andikape 1975 oswa Lwa pou Edikasyon Andikape yo (EHA), avèk chanjman resan yo rele l koulye a Lwa sou Edikasyon Moun ki Andikape (IDEA)

LALWA PIBLIK (P.L.) 102-119

Li te pase an 1991, se yon chanjman nan Lwa sou Edikasyon Moun ki Andikape (IDEA), ki egzije pou eta yo ak teritwa yo bay yon "edikasyon piblik apwopriye gratis" pou tout timoun ki gen laj 3-5 an; epi lwa sa bay eta ak teritwa yo lajan pou planifye epi mete an aplikasyon yon sistèm sèvis detaye pou tibebe ak timoun (depi yo fèt jis laj 2 an) ki genyen ankikap

LÒT SÈVIS KI GEN RAPÒ AK SIJÈ SA A

Sèvis transpòtasyon ak devlopman, koreksyon, ak lòt sèvis yon timoun ki genyen andikap bezwen pou l ka benefisye edikasyon, pa egzanp lòt sèvis ki gen rapò ak sa se moun ki okipe maladi pale ak tandè, sèvis sikolojik, fizyoterapi ak terapi okipasyonèl, rekreyasyon, sèvis konsèy pwofesyonèl, entèprèt pou sa ki genyen pwoblèm tandè, sèvis medikal pou bay dyagnostik ak evalyasyon, epi tout sèvis ak aparèy ki ka ede timoun lan

KOÒDINATÈ SÈVIS

Yon moun ki aji kòm koòdinatè sèvis pou yon tibebe oswa yon timoun, ki travay kòm yon patnè avèk fanmi an ansanm ak moun k ap bay pwogram espesyal yo; koòdinatè sèvis yo ka anplwaye ajans entèvansyon pou timoun

SÈVIS/LIVREZON SÈVIS

Sèvis (terapi, enstriksyon, tretman) yo bay yon timoun ki genyen bezwen espesyal

(DEVLOPMAN) SOSYAL OSWA EMOSYONÈL

Devlopman sikolojik yon moun an rapò avèk anvivonman sosyal li

EDIKASYON ESPESYAL

Gade pwogram ak sèvis edikasyon espesyal

KOÒDINATÈ EDIKASYON ESPESYAL

Moun ki an chaj pwogram edikasyon espesyal nan nivo distri oswa eta lekòl la

PWOGRAM/SÈVIS EDIKASYON ESPESYAL

Pwogram, sèvis oswa enstriksyon ki fèt espesyalman (li gratis pou fanmi yo) pou timoun - ki gen plis pase 3 an epi ki gen bezwen espesyal - ki elijib pou sèvis sa yo; sèvis sa yo enkli metòd aprantisaj espesyal oswa materyèl nan sal klas la ak klas espesyal ak pwogram si aprantisaj la oswa pwoblèm fizik yo mande pou kalite pwogram sa a

BEZWEN ESPESYAL – (TANKOU NAN TIMOUN KI GEN "BEZWEN ESPESYAL")

Yon tèm ki dekri yon timoun ki genyen andikap oswa yon timoun ki an danje pou devlope andikap, kidonk, bezwen sèvis espesyal oswa tretman pou li ka pwogrese

PWOBLÈM PALE

Yon pwogram yo planifye pou amelyore epi/oswa korije pwoblèm kominikasyon



RESOURCES

YO KONSILTE

Burchinal, Margaret B., and Richard M. Clifford, Ellen S. Peisner-Feinberg, Noreen Yazejian . Children of the Cost, Quality and Outcomes Study Go to School. Chapel Hill: University of North Carolina.

Kendig, Paula. A PRO Guide to the Alphabet Soup of Acronyms. Pensacola, Florida: Parent Resource Organization, 2000.

Long, Lou Ann. Florida Directory of Early Childhood Services/Central Directory Manual. Tallahassee, Florida: Florida Children's Forum, 1997.

Tiliv Swen Timoun Enkli. Tallahassee, Florida: Florida Children's Forum, 2000.

Mason, Tony, Ph.D., and Lou Ann Long. Good News For Center and Family Child Care Providers: Mainstreaming and Inclusion Become A Reality. Tallahassee, Florida: Florida Children's Forum, 1994.

(contributing authors unknown). Inclusive Child Care: Open Hearts - Open Doors. Salem, Oregon, 1999



KOMITE

KONSÈY POU ENKLIZYON AN

Holly Cromer
National Association of Child Development
Asosyasyon Nasyonal Devlopman Timoun
7670 Windward Way West
Jacksonville, FL 32256

Pat Cronon
Florida Association of Child Care Management
Asosyasyon Administrasyon Swen Timoun nan Florid
6225 Hazeltine National Drive
Orlando, FL 32822

Susan Gold, Ed.
Mailman Center for Child Development
Sant Lapòs Pou Devlopman Timoun
University of Miami, 1601 NW 12th Avenue – Room 4012
Miami, FL 33136

Mark Gross
Family Central, Inc.
Family Central, Inc.
840 SW 81st Avenue
North Lauderdale, FL 33068

Kathryn McGhee
Founisè Swen Reyadaptasyon
PARC 3100 75th Street North
St. Petersburg, FL 33708

Pam Kautz
Quality Improvement Center for Disabilities
Sant Amelyorasyon Kalite pou Andikap
6698 68th Avenue North – Suite D
Pinellas Park, FL 33781

Paula Kendig
Parent Resource Organization (PRO)
Òganizasyon Resous pou Paran (PRO)
2921 Inverness Place
Pensacola, FL 32503

Lou Ann Long
Florida Children's Forum
Fowòm pou Timoun nan Florid
2807 Remington Green Circle
Tallahassee, FL 32308

Lynn Marie Price
Dept. of Health/Children's Medical Services
Depatman Lasante/Sèvis Medikal pou Timoun
4025 Esplanade Way
Tallahassee, FL 32311

Cheryl Liles
Florida Inclusion Network
Rezo Enklizyon nan Florid
6264 Bradfordville Road
Tallahassee, FL 32308

Rachel Spanjer
Department of Education
Depatman Edikasyon
FDLRS/Child Find
310 Blount Street – Suite 206
Tallahassee, FL 32301

Jim Stevens
Dept of Children and families/WAGES
Depatman Timoun ak Fanmi/WAGES
408-E Bldg.3
1317 Winewood Blvd.
Tallahassee, FL 32399-0700

Eileen Templeton
Family Network on Disabilities of Florida
Rezo pou Fanmi sou Andikap nan Florid
2735 Whitney Road
Clearwater, Florida 33760

Deborah Russo/Regina Pleas
Dept. of Children and Families/Child Care
Depatman Timoun ak Fanmi/Swen Timoun
1317 Winewood Blvd, Bldg 7 - Room 231
Tallahassee, FL 32399-0700

Kim Latta
Florida Developmental Disabilities Council
Konsèy sou Andikap Devlopmanal nan Florid
124 Marriott Drive – Suite 203
Tallahassee, FL 32301

**Pou enfòmasyon siplemantè konsènan timoun ki gen andikap
Avèk bezwen medikal espesyal oswa pou mande kopi siplemantè,
silvoulè rele:**

**Rezo Santral Lis Telefòn
Sèvis Entèvansyon Pou Timoun
Nan Leta Florid
(Rezo Anyè Santral)**

1-800-654-4440

prepare pa:

**Fowum pou Timoun nan Florid
2807 Remington Green Circle
Tallahassee, FL 32308**

Tel: (850) 487-6301

Faks: (850) 922-9156

Imèl: lalong@centraldirectory.org

www.centraldirectory.org